




FEVRIYE 2024

Rezilta Rechèch Tè nan Lekòl yo

Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmantal la (EPA) ap travay sou kontaminasyon plon nan Ulysses S. Grant Intermediate School nan katye East Trenton. EPA ap travay ak distri eskolè yo pou elabore yon plan ki pèmèt yo pwoteje kominote lekòl la kont kontaminasyon plon nan tè a. Responsab Lekòl Entèmedyè Ulysses S. Grant yo fèmen espas jwèt yo, epi EPA ak lekòl la ap enstale kloti ozalantou zòn ki afekte yo sou pwopriyete lekòl la pou limite aksè nan tè a kòm yon premye etap. EPA ap travay tou ak distri lekòl yo pou elabore yon plan ki pral pèmèt timoun yo retounen nan espas jwèt ki gen tè yo.

Nan mwa Desanm 2023 EPA te fè kowòdinasyon ak Distri Lekòl Piblik Trenton nan pou kolekte epi analize echantiyon tè nan de lekòl. EPA te tèste echantiyon tè ki soti nan Ulysses S. Grant Intermediate School epi li te jwenn nivo plon ki nan tè a egzije yon aksyon imedya. EPA te dekouvri echantiyon tè ki soti nan lekòl Elementè Darlene C. McKnight te genyen nivo plon ki pa mande yon aksyon imedya. EPA ap fè kowòdonasyon ak sipèvizè lekòl yo pou asire yo enfòme paran yo, epi yo pran tout aksyon apwopriye pou pwoteje elèv ak pwofesè nan lekòl yo. Travay EPA a ap kontinye, epi l pral kenbe piblik la enfòme pou plis nouvo enfòmasyon.



Zòn kote ansyen fabrikasyon potich yo te eksplwate ozalantou



Rete Enfòme

Anplwaye EPA a ap disponib apre lekòl nan Ulysses S. Grant Intermediate School pou pale ak paran yo epi reponn kesyon yo nan jou **Vandredi 9 Fevriye 2024 la, apati 4è pou rive 6è p.m.**

EPA ap òganize yon rankont kominotè pou paran ak manm kominote yo, jou k ap **21 Fevriye 2024 la apati 6:30 p.m.** nan Ulysses S. Grant Intermediate School. EPA pral prezante travay ki fèt yo ak pwochen etap yo. Manm kominote yo pral gen tan tou pou poze kesyon.

Ankèt sou Plon nan East Trenton

EPA te kòmanse yon ankèt nan lane 2018 sou yon ansyen fabrikan soudi nan East Trenton epi li te jwenn yon nivo plon ki elve sou pwopriyete rezidansyèl ki toupre etablisman an. Sepandan, EPA te detèmine kontaminasyon plon an pa te lakòz akoz fabrikan soudi a. EPA te kòmanse mennen ankèt sou endistri potich yo nan lane 2020 kòm sous potansyèl nivo plon ki wo yo, sa ki te mande yon rechèch ki plis apwofondi ak yon ankèt sou teren pou detèmine si potich yo te lakòz kontaminasyon plon nan tè a. EPA te kòmanse Analize pwopriyete rezidansyèl yo ak pak yo nan katye Top Road ak East Trenton nan lane 2023.

Endistri potich la te enpòtan nan Trenton ak yon gwo sant nan East Trenton ak nan katye Top Road yo. Endistri a te devlope soti nan lane 1850 yo jiska ane 1920 yo lè li te kòmanse destabilize yon fason konsiderab pandan Gran Depresyon an. Potich nan Trenton te fabrike pwodwi tankou, tab, seramik atizay, atik sanitè, ak pòselèn elektrik. Endistri a te pwospere grasa pozisyon santral li ant New York ak Philadelphia, sa ki te fasilité yon ekspòtasyon nan pwodui fini yo ak enpòtasyon ajil nan sant New Jersey ak chabon nan lès Pennsilvani sou kanal ak ray tren yo ki te pase nan vil la. Yo te souvan itilize plon nan pwodui ki te ekspose ak yon tanperati ki wo anpil nan fou yo. Plon yo kapab soti nan gaz ki soti nan fou ak lè a epi yo ale nan tè a atravè van. Tè ki gen moso seramik ki te itilize kòm materyèl pou devlopman nan katye rezidansyèl yo nan East Trenton ka kontribye tou nan kontaminasyon plon an.



Plon se yon metal natirèl ki preznan lè, dlo, ak tè a. Lè plon an libere nan lè a, li ka pwopaje sou yon long distans anvan li rive epi rete sou tè a. Plon an ka afekte prèske tout ògàn ak sistèm ki nan kò nou, sitou sistèm nève a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou plon, vizite: www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/tfacts13.pdf

Etap senp pou diminye ekspozisyón w plon

Yo rekòmande etap sa yo pou diminye potansyèl ekspozisyón w nan kontaminasyon plon ki ka preznan nan tè nan vil yo.

- Retire soulye depi nan pòt la anvan ou antre lakay ou pou evite nenpòt salte ki ta ka anba soulye w. Netwaye anba soulye w ak yon ti sèvyèt mouye oswa yon papye.
- Lave men w ak figi w lè w fin antre epi anvan w manje, ,bwè oswa fimen. Lave jwèt timoun yo ak bagay y ap mete nan bouch yo.
- Si sa posib evite fouye tè a oswa jwe nan tè a, epi lave men ak figi w apre sa.

Enfòmasyon pou Kontakte EPA

Joel Waddell
Kowòdonatè Enplikasyon
Kominotè
(929) 656-3416
waddell.joel@epa.gov

Joel Pe
Pwojè Reyabilitasyon
Responsab
(212) 637-4399
Petty.joel@epa.gov

Jonathan Byk
Kowòdonatè sou Plas
(347) 899-6210
Byk.jonathan@epa.gov

Kim Hong (Espanyòl)
Kowòdonatè sou Plas
(732) 321-4352
Hong.kimberly@epa.gov

response.epa.gov/Historic_Potteries

<https://www.facebook.com/eparegion2/>

<https://twitter.com/EPA region2>

Sant Enfòmasyon Nasyonal sou Plon an bay enfòmasyon sou plon, danje ki gen rapò ak plon, ak prevansyon yo. Ou ka rele epi pale ak yon espesyalis soti Lendi rive Vandredi, 8:00 a.m. rive 6:00 p.m. Lè lès (eksepte jou ferye federal yo) nan 1 (800) 424-LEAD [5323].

Pou plis enfòmasyon sou fason pou tèste pitit ou a pou plon nan NJ, vizite:

<http://www.state.nj.us/health/childhoodlead/testing.shtml>

Pou jwenn enfòmasyon jeneral oswa kesyon sou pwogram Superfund EPA a, tanpri kontakte [Jim Haklar](#) nan Biwo Rejjonal Lyezon Piblik EPA a, nan Haklar.james@epa.gov, oswa (732) 906-6817 oswa rele gratis nan (888) 283-7626.